



Admiral
William F. Halsey, Jr.
Health &
Public Safety
Academy

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Christopher R. Van Vliet, Principal
Donald Steup, Vice Principal
Veronica Vega, Vice Principal
Tanya Tenturier-Brinkley, Vice Principal (Annex)

Mwa Dawou 2025

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl *Admiral William F. Halsey, Jr. Health & Public Safety Academy*, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2025-2026 k ap kòmanse Jedi 4 Septanm! Pwomès nou se bay chak timoun yon anviwonman kote yo kapab devlope kapasite kreyativ epi rive nan nivo ekselans. Nou kwè chak elèv kapab, epi pral aprann nan nivo ki pi bon pou rive nan pi gwo potansyèl edikasyonèl nan yon anviwonman ki gen sekirite, solid, ak bon jan akèy.

Tanpri pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen Retounen Lekòl la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou rantrè lekòl la. Nan paj ki pi ba a, nou tou ba ou anpil nan enfòmasyon ki deja sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a.

PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDI POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL

Ane lekòl 2025-2026 ap kòmanse Jedi 4 septanm 2025. Enstriksyon ap fèt nan lè 7:45 a.m. pou rive 2:29 p.m. Nan lide pou ede fasilite bon jan tranzisyon ak lòd pandan tan lekòl ap rantrè ou byen ap ranvwaye, nou mande ou tanpri respektè pwosedi sekirite sa yo:

- Pòt lekòl Halsey ap louvri pou tout elèv ak anplwaye apati 7:00 a.m.
- Elèv yo ap pase nan seksyon kontwòl sekirite anvan pou yo rantrè nan **KLAS apati 7:45 a.m.**
- Nimewo klas ansanm ak orè travay elèv la anndan paj PowerSchool.
- Elèv yo ap ranvwaye apati 2:29 p.m.

KALANDRIYE LEKÒL EPS

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ou li vini lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pandan jounen an.

Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2025-2026, tanpri vizite lyen sa a:

[School Calendar for 2025-2026.pdf \(epsnj.org\)](#)

ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran aksè nan enfòmasyon



Admiral

William F. Halsey, Jr.

**Health &
Public Safety
Academy**

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Christopher R. Van Vliet, Principal

Donald Steup, Vice Principal

Veronica Vega, Vice Principal

Tanya Tenturier-Brinkley, Vice Principal (Annex)

ki gen rapò ak orè elèv la, prezans, nòt, ak pwogrè akademik menm moman yo disponib la; li ofri tou yon fason pratik pou paran ak pwofesè kominike jan sa nesèsè. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2025-2026 k ap vini an ap pare pou ou wè sou PowerSchool apati Lendi 18 Dawou.

ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS

Paran nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesèsè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi mete ajou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou.

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://www.powerschool.com).

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab "PowerSchool Parent Portal Help". Tanpri, desann epi klike sou lekòl pitit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande ou ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre ou fin klike sou bouton « Save and Done » ki anba a, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte ou byen vit.

ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://www.powerschool.com).

RÈGLEMEN POU INIFÒM

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilite disiplin ansanm ak ledikasyon. *Elèv la dwe mete inifòm lekòl la chak jou.*

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri souple, gade *“Uniform and Dress Code Policies”* epi swiv enstriksyon ki bay.



Admiral

William F. Halsey, Jr.

**Health &
Public Safety
Academy**

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Christopher R. Van Vliet, Principal

Donald Steup, Vice Principal

Veronica Vega, Vice Principal

Tanya Tenturier-Brinkley, Vice Principal (Annex)

Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman sou inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan batiman lekòl la nan Jedi 4 Septanm oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm lan.

APARÈY ELEKTWONIK

Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezilta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen laptop yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilèj espesyal. Enplemantasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesesè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak laptop ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje laptop la.

NOUVO ELÈV

Tout nouvo elèv nan distri a ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

RETE KONEKTE

Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN

Li trè enpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite sou pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou « PowerSchool Parent Portal » la; epi ranpli fòm Enfòmasyon Ijans ou jwenn anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere komunikasyon ouve ant kay la ak lekòl la paske sa se youn nan kle ki pi enpòtan pou siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl la kontakte paran yo atravè mesaj elektwonik, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn lan. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijans rapid sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li enpòtan anpil pou nou gen enfòmasyon ki ajou, nan dosye chak elèv.



Admiral

William F. Halsey, Jr.

**Health &
Public Safety
Academy**

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Christopher R. Van Vliet, Principal

Donald Steup, Vice Principal

Veronica Vega, Vice Principal

Tanya Tenturier-Brinkley, Vice Principal (Annex)

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou kenbe kontak ou ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la : <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan tab "Rete Konekte" epi swiv enstriksyon yo bay sou fason pou mete enfòmasyon ou ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri, asire ou enskri epi aprann plis sou anpil resous ki disponib pou pitit ou isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

DISTRI/ ENFÒMASYON POU LEKÒL

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl, tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsonèl ou regilyèman:

-
- Fòm Enfòmasyon pou Ijans
 - Avi Konsènan egzamen fizikal
 - Fòm Media Release
 - Fòm Pèmisyon Entènèt ak Rezo Elèv ak Règleman Elizabeth pou Itilizasyon Entènèt
 - Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
 - Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
 - Aplikasyon pou manje midi
-

Pou w ka jwenn aksè nan dokiman obligatwa ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade tab “Fòm ak aplikasyon pou pitit ou” epi swiv enstriksyon yo.

TRANSPÒTASYON

Men ki elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemanè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
 - Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
 - Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò
-



Admiral

William F. Halsey, Jr.

**Health &
Public Safety
Academy**

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Christopher R. Van Vliet, Principal

Donald Steup, Vice Principal

Veronica Vega, Vice Principal

Tanya Tenturier-Brinkley, Vice Principal (Annex)

RÈGLEMEN SOU GRADYASYON

Depatman Edikasyon Eta New Jersey ansanm ak Konsèy Edikasyon Elizabeth mande pou tout elèv ranpli tout kondisyon ak gwo estanda, pou yo kapab resevwa diplòm lekòl segondè.

Tanpri, vizite sit entènèt EPS nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> epi gade seksyon **“Graduation Requirements”**. Se la w ap jwenn tout enfòmasyon nesèsè, tout sa ou dwe konnen sou gradyasyon.

ABSANS

Nenpòt elèv ki genyen plis passe (9) absans pandan ane lekòl la, nan youn nan klas yo, pap resevwa kredi pou klas la, menm si se ta pou yon rezon medikal. Elèv ki gen (4) absans pandan 4triyèm trimès la gen chans pou li pa resevwa kredi.

Nenpòt elèv ki pa vini lekòl prepare pou klas Edikasyon Fizik, pandan (9) fwa, oubyen plis, gen chans pou pa resevwa kredi pou klas sa a.

KANÈ YO

Se prèske chak senk (5) semen (anviwon 8 fwa nan ane a) n ap voye bay paran an kanè oubyen yon rapò sou pwogrès pitit ou nan lekòl la. Chak rapò sa yo ap gen enfòmasyon ki enpòtan anpil ladann. N ap siyale ou tou si elèv la vini lekòl anreta. Patisipasyon nan klas ak anreta, enfòmasyon sa yo ap anndan rapò a tou. Tanpri, pandan tout ane lekòl la, ede nou nan fason w ap ankouraje pitit ou vini lekòl alè, chak jou.

Konseye Pedagojik ansanm ak Administratè yo disponib pou rankontre avèk ou pandan tout ane lekòl la. Tanpri, rele anvan pou ou mete yon randevou pou vin chita pale ansanm ak yo sou sa ki konsène pitit ou.

Kalandriye ane lekòl 2025-2026 pou klas K-12 disponib sou sit entènèt EPS. Tanpri vizite lyen sa a: <https://www.epsnj.org/Page/4374> epi klike sou tab **“Marking Period Schedule.”**



Admiral

William F. Halsey, Jr.

**Health &
Public Safety
Academy**

Olga Hugelmeyer, Ed.D., Superintendent of Schools

Christopher R. Van Vliet, Principal

Donald Steup, Vice Principal

Veronica Vega, Vice Principal

Tanya Tenturier-Brinkley, Vice Principal (Annex)

DATE POU ORYANTASYON

Elèv Premye Ane lekòl Segondè ap resevwa laptop nan jou oryantasyon an ki pwograme pou **Mèkredi 20 Dawou, 2025 apati 10:00 a.m.** nan batiman lekòl Halsey (Annex) nan 699 South St.

RETOUNEN LEKÒL ASWÈ

Retounen Lekòl Aswè pou pale ak pwofesè yo, se nan jou **Mèkredi 17 Septanm, 2025 apati 6:00 p.m.** nan Batiman Halsey Main building, ki nan 641 South St. Elizabeth, NJ 07202

Nou espere nou tout pral kontinye jwi rèss Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm **Jedi 4 Septanm.**

Sensèman,

C. Van Vliet

Christopher R. Van Vliet

Direktè